QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI VAZIRLAR KENGASHINING QARORI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ MINISTRLER KEŃESINIŃ QARARÍ

2023 - yil 1 - fevral 39-13-0-Q/23 Qoraqalpog'iston Respublikasi Vazirlar Kengashi

# Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 30-dekabr kúngi «Ózbekstan Respublikasınıń «2023-jıl ushın Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik byudjeti haqqında» ǵı Nızamınıń orınlanıwın támiyinlew is-ilajlari haqqında» ǵı PQ-471 sanlı qararı haqqında

Mámleketlik finans sistemasın hám byudjet tártibin jánede bekkemlew, salıq byudjet sistemasınıń ashıqlıǵın asırıw, jergilikli mámleketlik hákimiyat organlarınıń byudjet dáramatları prognoz kórsetkishleriniń orınlanıwında juwapkershiligin elede kúsheyttiriw, sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 30-dekabr kúngi «Ózbekstan Respublikasınıń «2023-jıl ushın Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik byudjeti haqqında» ǵı Nızamınıń orınlanıwın támiyinlew is-ilajlari haqqında»ǵı PQ-471-sanlı hámde Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń 2022-jıl 30-dekabrdegi «Qaraqalpaqstan Respublikasınıń 2023-jılǵı byudjet parametrleri haqqında»ǵı 300/XL-sanlı qararlarıınıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi qarar etedi:

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 30-dekabr kúngi «Ózbekstan Respublikasınıń «2023-jıl ushın Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik byudjeti haqqında» ǵı Nızamınıń orınlanıwın támiyinlew is-ilajlari haqqında»ǵı PQ-471-sanlı hámde Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń 2022-jıl 30-dekabrdegi «Qaraqalpaqstan Respublikasınıń 2023-jılǵı byudjet parametrleri haqqında»ǵı 300/XL-sanlı qararlarında belgilengen tapsırmaları maǵlıwmat hám orınlaw ushın basshılıqqa alınsın.

2. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usı qarar menen:

a) 2023-jılda ekinshi dárejeli byudjet qarjıların bólistiriwshilerge ajıratılatuǵın byudjet qarjılarınıń sheklengen muǵdarları 1-qosımshaǵa

muwapıq;

2023-jıl ushın Ózbekstan Respublikasınıń respublika byudjeti, Qaraqalpaqstan Respublikası byudjeti, wálayatlar hám Tashkent qalası jergilikli byudjetleri aylanba kassa qarjılarınıń jol qoyılatuǵın eń kem muǵdarları 2-qosımshaǵa muwapıq;

2023-jıl Ózbekstan Respublikası Mámleketlik byudjeti dáramatları prognozı 3-qosımshaǵa muwapıq;

Payda salıǵı tolıǵı menen Ózbekstan Respublikası respublika byudjetine jóneltireletuǵın Iri salıq tólewshiler dizimi 4-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlanǵanlıǵı;

b) Salıq túrleri boyınsha dáramatlar prognozınıń asırılıp orınlanǵan bólegi Qaraqalpaqstan Respublikasınıń respublika byudjeti, wálayatlardıń wálayat byudjetleri hám Tashkent qalasınıń qala byudjetine tómendegi muǵdarlarda qaldırılǵanlıǵı:

Fizikalıq shaxslardan alınatuǵın dáramat salıǵı tolıǵı menen;

Payda salıǵı tolıǵı menen (usı qarar 4-qosımshasında kórsetilgen Iri salıq tólewshiler, Ózbekstan Respublikasında turaqlı jumıs alıp barıwshı mákeme arqalı óz jumısın alıp barıwshı Ózbekstan Respublikası norezidentleri tárepinen, sonday-aq norezidentlerdiń tólew dereginde uslap qalınatuǵın dáramatlarınan tólenetuǵın payda salıǵı bunnan tısqarı);

Qosılǵan qun salıǵı boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikasında dáramatlar prognozınıń asırılıp orınlanǵan bóleginiń 100 payızı, qalǵan aymaqlarda bolsa 60 payızı (usı qarar 4-qosımshasında kórsetilgen Iri salıq tólewshiler tárepinen tólenetuǵın qosılǵan qun salıǵı bunnan tısqarı).

Bunda salıq túrleri boyınsha dáramatlar prognozınıń asırıp orınlanǵan bólegine esaplawda Iri salıq tólewshilerden túsimleri (usı qarar 4-qosımshasında kórsetilgen Iri salıq tólewshiler tárepinen tólenetuǵın qosılǵan qun salıǵı bunnan tısqarı) aymaqlar kesiminde esapqa alınǵanlıǵı.

Ekonomika hám finas ministrligine bahalar (tarifler) hám nızamshılıq hújjetleri ózgeriwinen kelip shıǵıp, qosılǵan qun salıǵı boyınsha dáramatlar prognozın tastıyıqlanǵan kórsetkishler sheńberinde aymaqlar kesiminde qayta bólistiriw huqıqı berilgenligi.

2022-jıl 4-sherek juwmaqları boyınsha Ózbekstan Respublikasınıń respublika byudjetinen Qaraqalpaqstan Respublikasınıń respublika byudjeti, wálayatlardıń wálayat byudjetleri hám Tashkent qalasınıń qala byudjetine dáramatlar prognozınıń asırılıp orınlanǵan bólegin ótkeriw 2023-jıl yanvar ayında ámelge asırıladı hám 2022-jılǵı esabatlarda sáwlelendiriw belgilengenligi.

v) 2023-jılda sociallıq salıq túsimleri boyınsha 2022-jılda ámel qılǵan bólistiriw normativleri saqlap qalınǵanlıǵı;

2023-jıl 1-yanvardan baslap Iri salıq tólewshiler boyınsha aymaqlar aralıq mámleketlik salıq inspekciyası hákimshiligindegi kárxanalarǵa tovarlardı import qılıwda hám tovarlardı (xızmetlerdi) realizaciya qılıwda tólenetuǵın qosımsha kun salıǵı summaların óz-ara esapqa alıw imkániyatın beriwshi tártip engizilgenligi;

Fizikalıq shaxslarǵa olar táripinen usaqlap satıw sawdası, ulıwma awqatlanıw hám turmıslıq xızmet kórsetiw obektlerinde ámelge asırılǵan satıp alıw summasınıń 1 payızı muǵdarındaǵı tólemler respublika byudjeti dáramatları bóleginde qosılǵan qun salıǵın qaytarıwǵa rejelestirilgen qarjılar esabınan ámelge asırıwı belgilengenligi.

g) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 30-dekabrdegi PQ-73-sanlı qararınıń 6-qosımshasında názerde tutılǵan tovarlardı Ózbekstan Respublikası aymaǵına alıp kiriwde bajıxana bajınıń nol stavkaların qollaw tártibi 2024-jıl 1-yanvarǵa shekem uzaytırılǵanlıǵı.

d) 2023-jıl ushın tómendegi salıq stavkaları:

1) «Nawayı kán-metallurgiya kombinatı» AJ hám «Almalıq kán-metallurgiya kombinatı» AJ ushın:

rentabellik dárejesinen kelip shıqqan halda payda salıǵı 5-qosımshaǵa muwapıq;

jer resurslarınan paydalanǵanlıq ushın salıq altın boyınsha - 10 payız, palladiy, gúmis hám mıs boyınsha – 15 payız;

2) «Ózbekneftgaz» AJ ushın neft, tábiyǵıy gaz hám gaz kondensatı boyınsha – 15 payız;

e) Awıl xojalıǵı ministrligi 2023-jıl 1-aprelge shekem:

«Ózdaverjoybar» ilimiy-joybar institutı, Salıq komiteti hám Ózbekstan Respublikası Prezidenti janındaǵı Statistika agentligi menen birgelikte awıl xojalıǵı jerlerine iye bolǵan barlıq yuridikalıq hám fizikalıq shaxslar, sonıń menen birge diyqan xojalıqlarına jer salıǵın esaplaw ushın usı jerlerdiń normativ bahası haqqındaǵı maǵlıwmatlardı jetkeriw;

tiyisli ministrlik hám shólkemler menen birgelikte xalıqaralıq tájriybeni esapqa alǵan halda awıl xojalıǵı jerleriniń normativ bahasın anıqlaw tártibin kórip shıqsın hám onı jetilistiriw boyınsha belgilengen tártipte Ministrler Kabinetine usınıslar kiritiw belgilengenligi.

j) Fizikalıq shaxslarǵa salıq júginiń birden asıwına jol qoyılmawı maqsetinde úy-jay fondınıń kóshpes múlk obektlerine, sonıń menen bir qatarda, olar iyelep turǵan jer uchastkaları ushın tómendegiler belgilengenligi:

2018-jılda belgilengen kadastr bahası tiykarında esaplanǵan, fizikalıq shaxslardan alınatuǵın mal-múlk salıǵı summası 2022-jıl ushın esaplanǵan salıq summasınıń 1, 3 esesinen aspawı;

fizikalıq shaxslardan alınatuǵın awıl xojalıǵına mólsherlengen jerler ushın jer salıǵı summası 2022-jıl ushın esaplanǵan salıq summasınıń 1, 3 esesinen aspawı tiyisligi.

z) Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrligi Den sawlıqtı saqlaw ministrligi hámde Ekonomika hám finans ministrligi menen birgelikte 3 ay múddette barlıq aymaqlarda birinshi – tórtinshi klass oqıwshıların biypul awqat penen támiyinlewdi shólkemlestiriw boyınsha qarar joybarın Ministrler Kabinetine kiritiliwi.

Qarar joybarında ajıratılatuǵın qarjılar jumsalıwı ústinen jámiyetshilik qadaǵalawdı ornatıw hám korrupciyalıq jaǵdaylardıń aldın alıw boyınsha anıq mexanizmler názerde tutılǵanlıǵı.

i) 2023-jıl 1-yanvardan 2026-jıl 1-yanvarǵa shekem mámleketlik mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde bala támiynatı ushın ata-analar tólemi muǵdarlarına qaraǵanda rayonlardıń kategoriyasınan kelip shıǵıp, tómendegi kemeyttiriwshi koefficientler qollanılatuǵınlıǵı:

5-kategoriyadaǵı rayonlarda - 50 payız;

4-kategoriyadaǵı rayonlarda - 50 payız;

3-kategoriyadağı rayonlarda - (qala xalqı punktlerinen tısqarı) - 30 payız;

y) Ózbekstan Respublikası mámleketlik byudjetiniń turaqlılığın támiyinlew hám qárejetlerdiń nátiyjeliligin asırıw boyınsha «Jol kartası» 6-qosımshağa muwapıq tastıyıqlanğanlığı.

k) Ózbekstan Respublikası «2023-jıl ushın Ózbekstan Respublikası mámlektlik byudjeti haqqında»ğı Nızamı menen belgilengen birinshi dárejeli byudjet qarjıların bóliwshilerdiń qosımsha imkaniyatları tómendegi tártiplerde ámelge asırılğanlığı:

Birinshi dárejeli byudjet qarjıların bólistiriwshilerdiń basshıları ózleriniń hám qaramağındağı mákemelerdiń jámlengen qárejetler smetası hám shtat kesteleri, qárejetler smetası hám shtat kesteleri, jámlengen dáramatlar hám qárejetler, dáramatlar hám qárejetler smetaların tastıyıqlaydı hám dizimge aladı;

birinshi dárejeli byudjet qarjıların bólistiriwshiler ózine ajıratılğan qarjılar sheńberinde usı qárejetlerdi qayta bólistiriw, sonday aq tarawdı rawajlandırıw mámleketlik dástúrlerdi ámelge asırıw ushın ajıratılğan qarjılardı bir rawajlandırıw dástúrinen basqa rawajlandırıw dástúrine qayta bólistiriw arqalı qarjılardı ǵárezsiz basqaratuğınlığı;

birinshi dárejeli byudjet qarjıların bólistiriwshiler tárepinen rawajlandırıw dástúrlerine ajırıtılğan qarjılar esabınan usı dástúrlerde názerde tutılmağan qárejetler boyınsha yuridikalıq hám finanslıq májbúriyatlar qabıl qılınıwına jol qoyılmaytuğınlığı.

birinshi dárejeli byudjet qarjıların bólistiriwshiler baslaması menen jańadan islep shığılatuğın rawajlandırıw dástúrleri hám ilájlardı qarjılandırıw ushın talap etiletuğın qarjılar tiyisli birinshi dárejeli byudjet qarjıların bólistiriwshilerine ajıratılatuğın qarjılar sheńberinde ámelge asırılıwı.

l) Birinshi dárejeli byudjet qarjıların bólistiriwshilerdiń basshıları:

óz boysınıwındağı tarawda byudjet intizamına ámel etiliwi ústinen qadağalaw;

ózleriniń hám boysınıwındağı mákemelerdiń jámlengen qárejetler smetası hám shtat kesteleri, qárejetler smetası hám shtat kesteleri, jámlengen dáramatlar hám qárejetler, dáramatlar hám qárejetler smetalarınıń durıs dúziliwi;

byudjetten ajıratılǵan qarjılardıń maqsetli sarıplanıwı hám maqsetli indikatorlardıń tolıq orınlanıwı;

boysınıwındaǵı taraw mákemelerine byudjetten ajıratılatuǵın qarjılardıń durıs bólistiriliwi hám qayta bólistiriliwi, yaǵnıy olardıń qárejetler smetalarına ózgerisler kiritiliwi;

byudjetten ajıratılǵan qarjılardan maqsetli hám nátiyjeli paydalanıw, sonnan is haqı hám oǵan teńlestirilgen tólemler, azıq-awqat, dári-dármaq, kommunal xızmetler hám mámeleketlik dástúrler ushın belgilengen qárejetler tolıq rejelestiriliwi hám óz waqtında tóleniwi;

máwsimlik jámlengen finanslıq esabatlardıń durıs qáliplestiriliwi hám óz waqtında usınıs etiliwi ushın tikkeley juwapker ekenlikleri belgilengenligi;

Ekonomika hám finans ministrligi, Sanlı texnologiyalar ministrligi menen birgelikte eki ay múddette usı bántte názerde tutılǵan tártiplerdi tiyisli málimleme sistemaları arqalı ámelge asırıw ilajların kóriwi.

Esap palatası hám Mámleketlik finanslıq qadaǵalaw inspekciyası birinshi dárejeli byudjet qarjıların bólistiriwshilerge qosımsha jeńillikler beriliwi múnásibeti menen olar tárepinen byudjet intizamına boysınıw hámde ajıratılǵan qarjılardan maqsetli paydalanıwı ústinen qadaǵalawdı kúsheytsin hám 2023-jıl I-sheregi juwmaqları boyınsha eńgizilgen jańa tártip nátiyjeleri haqqında Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyasına maǵlıwmat kiritiwi;

m) Birinshi dárejeli byudjet qarjıların bólistiriwshilerdiń byudjet qarjılarınan paydalanıwı menen baylanıslı maqsetli indikatorlardıń orınlanıwı:

hár sherek juwmaǵı menen ministrlik hám mákemelerdiń ishki audit xızmetleri tárepinen bahalanadı;

Esabat jılı juwmaǵı boyınsha Esab palatası tárepinen auditten ótkeriledi.

Oliy Majlis Nızamshılıq palatasına hár sherek juwamaǵında:

birinshi dárejeli byudjet qarjıların bólistiriwshilerdiń byudjet qarjılarınan paydalanıwı menen baylanıslı maqsetli indikatorlardıń orınlanıwı boyınsha ministrlik hám mákemeler baslıqlarınıń esabatların;

Salıq komiteti hám Bajıxana komitetiniń mámleketlik byudjeti dáramatları prognozı tolıq hámde óz waqtında orınlanıwın támiyinlew, qollanılǵan salıq

hám bajıxana jeńilliklerinıń nátiyjeliligi haqqında esabatların esitip barıw usınıs etilgenligi.

n) Ministrlik hám mákemelerdiń ishki audit xızmeti jumısınıń nátiyjeliligin asırıw arqalı olarǵa ajıratılǵan byudjet qarjılarınan maqsetli paydalanıwın támiyinlew maqsetinde Ekonomika hám finans ministrligi:

2023-jıl 15-fevralǵa shekem ministrlik hám mákemelerdiń ishki audit xızmetleri jumısın bahalaw tártibi islep shıqsın;

2023-jıl 1-iyunǵa shekem ministrlik hám mákemelerdiń ishki audit xızmetleri jumısın bahalasın hám olardıń jumısın jetilistiriw ilajları kóriliwi;

2023-jıl 1-aprelden baslap ministrlik hám mákemelerdiń ishki audit xızmetleri xızmetkerlerin mámleket sektorında ishki audit hám ishki qadaǵalaw tarawında turaqlı oqıtıp barıw mexanizmi engiziliwi belgilengenligi;

o) Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵı, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimleri:

bunnan bılay jergilikli byudjetlerge ajıratılatuǵın byudjet ssudaların belgilengen múddette qaytarıw boyınsha jeke juwapker ekenligi kórsetip ótilgenligi;

birinshi náwbette usı qarardıń 2-bánti jetinshi abzacında názerde tutılǵan respublika byudjetinen ótkerip beriletuǵın qarjılar esabınan jergilikli byudjetlerge ajıratılǵan maqsetli byudjet ssudaların qaplaw ilajları kóriliwi;

p) 2023-jıl 1-yanvardan baslap salıqlar, májbúriy jıyımlar, bajılar hám járiymalar esabınan mámleketlik hákimiyat hám basqarıw organları, ministrlikler hám shólkemlerdiń byudjetten tısqarı qorlarına kelip túsken qarjılardıń hámde usı qorlardıń bos turǵan qarjıların kommerciyalıq banklerge jaylastırıwdan alınǵan dáramatlardıń 20 payızı hár ay juwmaǵı menen keyingi aydıń 5 sánesine shekem Ózbekstan Respublikasınıń respublika byudjetine ótkeriletuǵınlıǵı;

Mámleketlik byudjet haqqındaǵı nızamshılıqqa muwapıq, Ózbekstan Respublikası respublika byudjeti deficit penen tastıyıqlanǵan dáwirde byudjet ssudaları Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalası byudjetlerine tek ǵana jıl juwmaǵına shekem qaytarıw shárti menen waqıtsha payda bolǵan kassa úzilisin qaplaw ushın ajıratılıwı belgilengenligi;

r) Jańa Ózbekstan basqarıw reformaları sheńberinde belgilengen wazıypalardı orınlaw, sonday-aq 2022-jıldı sıpatlı juwmaqlaw hámde 2023-jıldı tabıslı baslaw boyınsha is-ilajlar rejesi 7-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlanǵanlıǵı.

s) Ekonomika hám finans ministrligi tómendegilerdi Ministrler Kabinetine:

2023-jıl 1-aprelge shekem Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 21-dekabrdegi «Jańa Ózbekstan basqarıw reformaların ámelge asırıw is-ilájları haqqında»ǵı PP-269-sanlı Pármanına muwapıq ««2023-jıl ushın Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik byudjeti xaqqında»ǵı Ózbekstan Respublikası Nızamına ózgeris kiritiw haqqında»ǵı Nızam joybarın;

tiyisli ministrlik hám shólkemler menen birgelikte eki ay múddette nızamshılıq hújjetlerine usı qarardan kelip shıǵatuǵın ózgeris hám qosımshalar haqqındaǵı usınıslar kiritiwi belgilengenligi;

t) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń hámde Ózbekstan Respublikası Húkimetiniń ayırım qararlarına 8-qosımshaǵa muwapıq ózgeris hám qosımshalar kiritiliwi;

u) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń hámde Ózbekstan Respublikası Húkimetiniń ayırım qararları 9-qosımshaǵa muwapıq óz kúshin joytqan dep esaplansın dep kórsetilgenligi orınlaw ushın basshılıqqa alınsın.

3. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 30-dekabr kúngi «Ózbekstan Respublikasınıń «2023-jıl ushın Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik byudjeti haqqında» ǵı Nızamınıń orınlanıwın támiyinlew is-ilajlari haqqında»ǵı PQ-471-sanlı hámde Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń 2022-jıl 30-dekabrdegi «Qaraqalpaqstan Respublikasınıń 2023-jılǵı byudjet parametrleri haqqında»ǵı 300/XL-sanlı qararları menen:

Qaraqalpaqstan Respublikası jergilikli byudjetiniń 2023-jıl ushın dáramatları 2 trln. 703, 3 mlrd.swm, qárejetleri 5 trln. 375, 7 mlrd.swm prognoz etilgenligi hámde respublika byudjetinen ajıratılatuǵın tártipke salıwshı byudjetleraralıq transfert muǵdarı 2 trln. 672, 4 mlrd.swm muǵdarında tastıyıqlanǵanlıǵı;

- Qaraqalpaqstan Respublikasınıń 2023-jılǵı jergilikli byudjet parametrleriniń dáramatlar prognozı 1-qosımshaǵa hámde qárejetler prognozı 2-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlanǵanlıǵı maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

4. Qaraqalpaqstan Respublikanıń respublika byudjetiniń dáramatlar prognozı hám aymaqlıq byudjet qárejetlerin bólistiriwshilerge ajıratılatuǵın qarjılardıń sheklengen muǵdarları 3-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

5. Qaraqalpaqstan Respublikası byudjetiniń parametrleri tastıyıqlanıp atırǵanda belgilenetuǵın Qaraqalpaqstan Respublikasınıń respublika byudjeti, qala hám rayonlardıń saqlawlı qorı muǵdarı 4-qosımshaǵa muwapıq belgilensin.

Bunda, qala hám rayonlar byudjetleriniń 2023-jıl ushın saqlawlı qorları, tiyisli byudjetlerdiń tastıyıqlanǵan ulıwma qárejetleriniń keminde 1,0 payızı muǵdarında Nızamda belgilengenligi maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

6. Tártipke salıwshı dáramatlardan Qaraqalpaqstan Respublikasınıń respublika byudjetine hámde qala hám rayonlar byudjetlerine ajıratpalarınıń normativleri 5-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

7. Qaraqalpaqstan Respublikası Awıl xojalıǵı ministrligi 2023-jıl 1-aprel kúnine shekem «Ózdaverloyha» ilmiy-joybarlaw institutınıń Qaraqalpaqstan Respublikası bólimi, Qaraqalpaqstan Respublikası salıq basqarması, Kadastr agentligi Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması hám Qaraqalpaqstan Respublikası Statistika basqarması menen birgelikte awıl xojalıǵı jerlerine iye bolǵan yuridikalıq hám fizikalıq shaxslar, sonıń menen birge diyqan xojalıqlarına jer salıǵın esaplaw ushın jerlerdiń normativ bahası haqqındaǵı maǵlıwmatlardı jetkersin.

8. Qaraqalpaqstan Respublikası Húkimetiniń ayrım qararlarına kiritiletuǵın ózgeris hám qosımshalar 6-qosımshaǵa hám 7-qosımshaǵa muwapıq óz kúshin joyıtqan dep esaplansın.

9. Qaraqalpaqstan Respublikası Finans ministrligi (M.Sodikov), Qaraqalpaqstan Respublikası Salıq basqarması (X.Bekchanov)larǵa:

- jergilikli byudjet dáramat hámde qárejetleriniń prognoz kórsetkishleriniń orınlanıwı hámde salıq bazasın keńeyittiriw boyınsha kórilgen ilajlar;

- usı qarardıń tapsırmalarınan kelip shıǵıp ámelge asırılǵan ilajlar haqqında hár sherek juwmaǵı menen Ministrler Keńesine maǵlıwmat kiritip barılıwı tapsırılsın.

10. Qaraqalpaqstan Respublikası Finans ministrligi (M. Sodikov) birinshi náwbette usı qarardıń 2-bánti jetinshi abzacında názerde tutılǵan respublika

byudjetinen ótkerip beriletuǵın qarjılar esabınan jergilikli byudjetlerge ajıratılǵan maqsetli byudjet ssudaların qaplaw ilajları kórsin

11. Usı qarardıń orınlanıwın nátiyjeli shólkemlestiriwge juwapker hám tikkeley juwapker etip Qaraqalpaqstan Respublikası Finans ministri M.Sodikov belgilensin.

Qarardıń orınlanıwın dodalap barıw, orınlaw ushın juwapker shólkemlerdiń jumısın muwapıqlastırıw hám qadaǵalaw Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵınıń birinshi orınbasarı N.Erlepesovqa júklensin.

**Qaraqalpaqstan Respublikasi Ministrler Ken'esi baslıg'ı** **F. Ermanov**

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2023 yil 1 fevraldagi
39-13-0-Q/23-son qaroriga
1-ilova

**Qaraqalpaqstan Respublikasınıń 2023-jılğı Byudjet parametrleri**

**DÁRAMATLAR PROGNOZÍ**

***mln.swmda***

| **№** | **Dáramat túrleri** | **Summa** |
|---|---|---|
| **I** | **JÁMI** | **2 384 665,0** |
| 1 | Yuridikalıq shaxslardan alınatuğın payda salığı | 138 760,0 |
| 2 | Aylanbadan alınatuğın salıq | 30 000,0 |
| 3 | Fizikalıq shaxslardan alınatuğın dáramat salığı | 1 180 152,0 |
| 4 | Isbilermenliktiń ayırım túrleri boyınsha qatań belgilengen salıq | 16 140,0 |
| 5 | Akciz salığı, jámi | 204 744,0 |
| | *Sonnan* | |
| | *- araq* | |
| | *- benzin, dizel janılğısı hám gaz realizaciyasınan salıq* | *204 744,0* |
| 6 | Yuridikalıq shaxslardıń múlkine salınatuğın salıq | 133 194,0 |
| 7 | Fizikalıq shaxslardıń mal-múlkine salınatuğın salıq | 45 311,0 |
| 8 | Yuridikalıq shaxslardıń jer salığı | 128 806,0 |
| 9 | Fizikalıq shaxslardan alınatuğın jer salığı | 171 381,0 |
| 10 | Jer astı baylıqlarınan paydalanğanlığı ushın salıq (rudalıq emes materialları) | 34 086,0 |
| 11 | Suw resurslarınan paydalanğanlığı ushın salıq | 20 480,0 |
| 12 | Mámleketlik bajı | 101 830,0 |
| 13 | Járiymalar | 60 818,0 |
| 14 | Mámleketlik múlkti ijarağa beriwden tólem | 5 014,0 |
| 15 | Mámleketlik kárxanalardıń sap paydasınan túsimler | 379,0 |
| 16 | Jıyımlar | 88 570,0 |
| 17 | Mámleketlik úlesi bolğan kárxanalardı menshiklestiriwden túsim | 25 000,0 |
| 18 | Basqa túsimler | 0,0 |
| **II** | **Ótkerip beriletuğın qarjılar** | **318 674,6** |
| **III** | **Transfertler** | **2 672 422,1** |
| | **JÁMI DÁRAMATLAR** | **5 375 761,7** |

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2023 yil 1 fevraldagi
39-13-0-Q/23-son qaroriga
2-ilova

**Qaraqalpaqstan Respublikası 2023-jılğı parametrleri**

**QÁREJETLER PROGNOZÍ**

***mln.swmda***

| **Kórsetkishler** | | **Summa** |
|---|---|---|
| | **Qárejetler - jámi** | **5 375 761,7** |
| **1.** | **Xalıqtı sociallıq qollap-quwatlaw qárejetleri - Jámi** | **3 505 914,4** |
| | *Sonnan* | |
| 1.1 | Bilimlendiriw | 825 888,3 |
| | - Mektepke shekemgi bilimlendiriw | 230 178,5 |
| | - Xalıq bilimlendiriw | 571 950,6 |
| | *Sonnan, baslawshı klass oqıwshılar ushın túslik beriw qárejetleri* | 135 090,1 |
| | - kadrlar tayarlaw | 23 759,2 |
| 1.2 | Den sawlıqtı saqlaw | 1 622 265,9 |
| 1.3 | Mádeniyat hám sport | 214 647,8 |
| | *Mádeniyat* | 81 151,1 |
| | *Sport* | 133 496,7 |
| 1.4 | Ilim | 4 583,6 |
| 1.5 | Kem támiyinlengen hám kóp balalı shańaraqlarğa materiallıq járdem pulları | 833 460,9 |
| 1.6 | Puqaralarğa jetkizilgen zıyandı qaplaw qárejetleri | 3 500,0 |
| 1.7 | Azatlıqtan mahrum etiw jazasın ótep bolğan puqaralarğa dáslepki sociallıq-materiallıq járdem paketi | 84,0 |
| 1.8 | Sociallıq beyimleystiriw orayı | 1 483,9 |
| **2.** | **Ekonomika qárejetleri** | **783 069,1** |
| | *Sonnan* | |
| 2.1 | Fermer xojalıqlarınıń buxgalteriya orayı | 10 033,5 |
| 2.2 | Ósimlikler karantini inspekciyası | 18 693,5 |
| 2.3 | Abadanlastırıw | 233 965,8 |
| 2.4 | Kóp kvartiralı úy-jaylardıń tutas aymaqların abadanlastırıw | 45 700,5 |
| 2.5 | Íssılıq támiynatı tarawı mákemeleri ushın | 1 155,0 |
| 2.6 | Ishki xojalıq avtomobil jolların ońlaw qárejetleri | 51 000,0 |
| 2.7 | Kóp kvartiralı úylerdiń lift úskenelerin onlaw hám jańadan qurıw | |
| 2.8 | Xojeli suw jolı texnik uchastkası | 4 616,2 |
| 2.9 | Íssılıq energiyası menen támiyinlewshi mákemelerge subsidiyalar | 1 843,0 |
| 2.10 | Suw xojalığı ministrligi mákemeleri | 264 683,9 |

| Kórsetkishler | | Summa |
|---|---|---|
| 2.11 | Toǵay xojalıǵı mákemeleri | 33 621,6 |
| 2.12 | Mámleketlik ekologiya komitetiniń aymaqlıq basqarması | 18 767,0 |
| 2.13 | Pilleshilik hám qarakólshilikti rawajlandırıw komitetiniń aymaqlıq bólimlerin saqlaw qárejetleri | 262,9 |
| 2.14 | Úy-jay kommunal xojalıǵı ministrliginiń aymaqlıq bólimlerin saqlaw qárejetleri | 4 257,5 |
| 2.15 | Veterinariya komiteti | 28 396,3 |
| 2.16 | Suwǵarılatuǵın jerlerdiń meliorativ awhalın jaqsılaw menen baylanıslı qárejetler | 45 100,0 |
| 2.17 | Avtobus jónelisleriniń jıllıq subsidiya qárejetleri | 5 730,8 |
| 2.18 | Jergilikli byudjetlerde hákim járdemshileriniń usınısları menen máhálle infrastrukturasın jaqsılaw qárejetleri | 15 241,6 |
| **3.** | **Oraylasqan investiciyalardı qarjılandırıw qárejetleri** | **195 595,6** |
| | *Sonnan* | |
| 3.1 | Ishimlik suwı hám kanalizaciya | 4 320,0 |
| 3.2 | Oraylasqan investiciyalardı qarjılandırıw qárejetleri | 4 766,4 |
| 3.3 | Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerin rekonstrukciya qılıw, kapital ońlaw hám inventarlar menen támiyinlew qárejetleri | 35 842,6 |
| 3.4 | Ulıwma bilim beriw mekteplerin rekonstrukciya qılıw, kapital ońlaw hám inventarlar menen támiyinlew qárejetleri | 88 554,0 |
| 3.5 | Den sawlıqtı saqlaw mákemelerin rekonstrukciya qılıw, kapital ońlaw hám inventarlar menen támiyinlew qárejetleri | 25 749,2 |
| 3.6 | Melioraciya obektleri | 36 363,4 |
| **4.** | **Mámleketlik basqarıw organların saqlaw qárejetleri** | **380 910,4** |
| **5.** | **Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organların saqlaw qárejetleri** | **41 342,9** |
| **6.** | **Saqlawlı qorı** | **49 976,4** |
| **7.** | **Puqaralardıń belsendi qorına** | **328 147,3** |
| **8.** | **Basqa qárejetler ushın** | **90 805,6** |
| | *Sonnan* | |
| 8.1 | Jergilikli byudjetten qarjılandırılatuǵın basqa shólkemler | 22 954,2 |
| 8.2 | Prezident mekteplerin qurıw ushın jóneltirilgen qarız qarjıların qaytarıw qárejetleri | 20 000,0 |
| 8.3 | Advokatlıq xızmetleri qárejetleri | 1 100,0 |
| 8.4 | Ishki hám sırtqı qarızǵa xızmet kórsetiw qárejetleri | 46 751,4 |

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2023 yil 1 fevraldagi
39-13-0-Q/23-son qaroriga
3-ilova

**Qaraqalpaqstan Respublikası respublika byudjetiniń dáramatlar prognozı hám aymaqlıq byudjet qárejetlerin bólistiriwshilerge ajıratılatuǵın qarjılardıń sheklengen muǵdarları**

*mln.swmda*

| № | Dáramat hám qárejet túrleri | Summa |
|---|---|---|
| **Dáramat** | | **2 299 835,0** |
| **1.** | **Jámi** | **1 963 514,0** |
| 1.1 | Yuridikalıq shaxslardan alınatuǵın payda salıǵı | 138 760,0 |
| 1.2 | Fizikalıq shaxslardan alınatuǵın dáramat salıǵı | 1 180 152,0 |
| 1.3 | Akciz salıǵı, benzin, dizel janılǵısı hám gaz realizaciyasınan salıq | 204 744,0 |
| 1.4 | Yuridikalıq shaxslardıń mal-múlkine salınatuǵın salıq | 92 059,0 |
| 1.5 | Yuridikalıq shaxslardıń jer salıǵı | 78 688,0 |
| 1.6 | Suw resurslarınan paydalanǵanlıǵı ushın salıq, elektrstanciyaları boyınsha | 0,0 |
| 1.7 | Mámleketlik bajı | 101 830,0 |
| 1.8 | Járiymalar | 60 818,0 |
| 1.9 | Mámleketlik múlkti ijaraǵa beriwden tólem | 5 014,0 |
| 1.10 | Mámleketlik kárxanalardıń sap paydasınan túsimler | 379,0 |
| 1.11 | Jıyımlar | 88 570,0 |
| 1.12 | Mámleketlik úlesi bolǵan kárxanalardı menshiklestiriwden túsim | 12 500,0 |
| 1.13 | Basqa túsimler | 0,0 |
| **2.** | Ótkerip beriletuǵın qarjılar | 0,0 |
| **3.** | **Transfertler** | **336 321,0** |
| | **Qárejetler - jámi** | **2 299 835,0** |
| **1.** | **Xalıqtı sociallıq qollap-quwatlaw qárejetleri – Jámi** | **1 212 593,8** |
| | *Sonnan* | |
| 1.1 | Bilimlendiriw | 407 926,2 |
| | - Mektepke shekemgi bilimlendiriw | 24 010,8 |
| | - Xalıq bilimlendiriw | 360 156,2 |
| | - kadrlar tayarlaw | 23 759,2 |
| 1.2 | Den sawlıqtı saqlaw | 687 789,2 |
| 1.3 | Mádeniyat hám sport | 108 759,1 |
| | *mádeniyat* | 55 826,5 |
| | *sport* | 52 932,6 |
| 1.4 | Ilim | 4 583,6 |
| 1.5 | Puqaralarǵa jetkizilgen zıyandı qaplaw qárejetleri | 3 500,0 |
| 1.6 | Sociallıq beyimlestiriw orayı | 35,8 |
| **2.** | **Ekonomika qárejetleri** | **416 606,8** |
| | *Sonnan* | |
| 2.1 | Ósimlikler karantini inspekciyası | 18 693,4 |

| № | Dáramat hám qárejet túrleri | Summa |
|---|---|---|
| 2.2 | Kóp kvartiralı úy-jaylardıń tutas aymaqların abadanlastırıw | 45 700,5 |
| 2.3 | Íssılıq támiynatı tarawı mákemeleri ushın | 1 155,0 |
| 2.4 | Xojeli suw jolı texnik uchastkası | 4 616,2 |
| 2.5 | Íssılıq energiyası menen támiyinlewshi mákemelerge subsidiyalar | 1 843,0 |
| 2.6 | Suw xojalıǵı ministrligi mákemeleri | 227 710,9 |
| 2.7 | Toǵay xojalıǵı mákemeleri | 33 621,6 |
| 2.8 | Mámleketlik ekologiya komitetiniń aymaqlıq basqarması | 18 767,1 |
| 2.9 | Pilleshilik hám qarakólshilikti rawajlandırıw komitetiniń aymaqlıq bólimlerin saqlaw qárejetleri | 262,9 |
| 2.10 | Úy-jay kommunal xojalıǵı ministrliginiń aymaqlıq bólimlerin saqlaw qárejetleri | 4 257,5 |
| 2.11 | Veterinariya komiteti | 9 147,9 |
| 2.12 | Suwǵarılatuǵın jerlerdiń meliorativ ahwalın jaqsılaw menen baylanıslı qárejetler | 45 100,0 |
| 2.13 | Avtobus jónelisleriniń jıllıq subsidiya qárejetleri | 5 730,8 |
| **3.** | **Oraylasqan investiciyalardı qarjılandırıw qárejetleri** | **195 595,5** |
| | *Sonnan* | |
| 3.1 | Ishimlik suw hám kanalizaciya | 4 320,0 |
| 3.2 | Oraylasqan investiciyalardı qarjılandırıw qárejetleri | 4 766,4 |
| 3.3 | Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerin rekonstrukciya qılıw, kapital ońlaw hám inventarlar menen támiyinlew qárejetleri | 35 842,6 |
| 3.4 | Ulıwma bilim beriw mekteplerin rekonstrukciya qılıw, kapital ońlaw hám inventarlar menen támiyinlew qárejetleri | 88 554,0 |
| 3.5 | Den sawlıqtı saqlaw mákemelerin rekonstrukciya qılıw, kapital ońlaw hám inventarlar menen támiyinlew qárejetleri | 25 749,2 |
| 3.6 | Melioraciya obektleri | 36 363,3 |
| **4.** | **Mámleketlik basqarıw uyımların saqlaw qárejetleri** | **171 112,9** |
| **5.** | **Saqlawlı qorı** | **20 780,5** |
| **6** | **Puqaralardıń belsendi qorına** | **201 000,0** |
| **7.** | **Basqa qárejetler** | **82 145,0** |
| | *Sonnan* | |
| 7.1 | Jergilikli byudjetten qarjılandırılatuǵın basqa shólkemler | 11 193,4 |
| 7.2 | Qabıllaw úyin saqlaw qárejetleri | 3 100,1 |
| 7.3 | Advokatlıq xızmetleri qárejetleri | 1 100,0 |
| 7.4 | Ishki hám sırtqı qarızǵa xızmet kórsetiw qárejetleri | 46 751,5 |
| 7.5 | Prezident mekteplerin qurıw ushın jóneltirilgen qarız qarjıların qaytarıw qárejetleri | 20 000,0 |

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2023 yil 1 fevraldagi
39-13-0-Q/23-son qaroriga
4-ilova

**Qaraqalpaqstan Respublikasınıń respublika byudjeti, qala hám rayonlardıń saqlawlı qorı muǵdarları**

***mln. swmda***

| № | Aymaqlar ataması | Saqlawlı qorları muǵdarı |
|---|---|---|
| | **JÁMI** | **49 976,3** |
| | *sonnan* | |
| 1 | Nókis qalası | 3 825,9 |
| 2 | Ámiwdárya rayonı | 2 747,7 |
| 3 | Beruniy rayonı | 2 602,3 |
| 4 | Bozataw rayonı | 565,1 |
| 5 | Kegeyli rayonı | 1 341,0 |
| 6 | Qanlıkól rayonı | 1 082,8 |
| 7 | Qaraózek rayonı | 1 108,3 |
| 8 | Qońırat rayonı | 2 148,4 |
| 9 | Moynaq rayonı | 805,9 |
| 10 | Nókis rayonı | 1 151,2 |
| 11 | Taqıyatas rayonı | 1 323,3 |
| 12 | Taxtakópir rayonı | 1 000,6 |
| 13 | Tórtkul rayonı | 2 365,2 |
| 14 | Xojeli rayonı | 2 127,0 |
| 15 | Shomanay rayonı | 1 084,0 |
| 16 | Shımbay rayonı | 1 858,3 |
| 17 | Ellikqala rayonı | 2 058,8 |
| 18 | Respublika byudjeti | 20 780,5 |

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2023 yil 1 fevraldagi
39-13-0-Q/23-son qaroriga
5-ilova

## Tártipke salıwshı dáramatlardan Qaraqalpaqstan Respublikasınıń respublika byudjetine hámde qala hám rayonlar byudjetlerine ajıratpalarınıń normativleri

***Payız esabında***

| Q/s | Qala hám rayonlar ataması | Yuridikalıq shaxslardan alınatuǵın payda salıǵı | Fizikalıq shaxslardan alınatuǵın dáramat salıǵı | Jeke tártiptegi isbilermenlerden alınatuǵın dáramat salıǵı | Jeke tártiptegi isbilermenlerden alınatuǵın qatań belgilengen salıq | Aylanbadan alınatuǵın salıq | Akciz salıǵı benzin, dizel janılǵısı hám gaz realizaciyasınan | Yuridikalıq shaxslardıń múlkine salınatuǵın salıq |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Respublika byudjeti | 100 | 100 | 0 | 0 | 0 | 100 | |
| 2 | Nókis qalası | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |
| 3 | Ámiwdárya rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |
| 4 | Beruniy rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |
| 5 | Bozataw rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |
| 6 | Kegeyli rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |
| 7 | Qanlıkól rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |
| 8 | Qaraózek rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |
| 9 | Qońırat rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |
| 10 | Moynaq rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 |
| 11 | Nókis rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |
| 12 | Taqıyatas rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 |
| 13 | Taxtakópir rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |
| 14 | Tórtkúl rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |
| 15 | Xojeli rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |
| 16 | Shomanay rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |
| 17 | Shımbay rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |
| 18 | Ellikqala rayonı | 0 | 0 | 100 | 100 | 100 | 0 | 100 |

*(kesteniń dawamı)*

*Payız esabında*

| Q/s | Qala hám rayonlar ataması | Yuridikalıq shaxslardıń jer salığı | Fizikalıq shaxslardıń mal-múlkine salınatuǵın salıq | Fizikalıq shaxslardan alınatuǵın jer salığı | Jer astı baylıqlarınan paydalanǵanlıǵı ushın salıq (ruda emes materialları) | Suw resurslarınan paydalanǵanlıǵı ushın salıq (elektrstanciyalarınan tısqarı) | Suw salığı elektrstan-ciyaları boyınsha | Jámi Mámleketlik bajı | Sonan: 3 422 103 kodına tiyisli Mámleketlik bajı |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Respublika byudjeti | | | | | | 100 | 100 | |
| 2 | Nókis qalası | 100 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 3 | Ámiwdárya rayonı | 100 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 4 | Beruniy rayonı | 100 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 5 | Bozataw rayonı | 100 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 6 | Kegeyli rayonı | 100 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 7 | Qanlıkól rayonı | 100 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 8 | Qaraózek rayonı | 100 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 9 | Qońırat rayonı | 0 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 10 | Moynaq rayonı | 0 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 11 | Nókis rayonı | 100 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 12 | Taqıyatas rayonı | 100 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 13 | Taxtakópir rayonı | 100 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 14 | Tórtkúl rayonı | 0 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 15 | Xojeli rayonı | 100 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 16 | Shomanay rayonı | 100 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 17 | Shımbay rayonı | 100 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |
| 18 | Ellikqala rayonı | 100 | 100 | 100 | 100 | 100 | 0 | 0 | 100 |

*(kesteniń dawamı)*

*Payı*

*z esabında*

| Q/s | Qala hám rayonlar ataması | Jámi járiymalar | Sonnan: 3 430 103 kodına tiyisli járiymalar | Jámi jıyımlar | Sonnan: 3 422 203 kodına tiyisli jıyımlar | Mámleketlik úlesi bolǵan kárxanalardı menshikles-tiriwden túsim | Mámleketmúlkin ijaraǵa beriwden túsim | Fizikalıq shaxslarǵa tiyisli mal-múlkti ijaraǵa beriwden alınatuǵın dáramat salıǵı | Mámleketlik kárxanalardıń sap paydasınan túsimler | Kóshpe sawda obektin aukcion sawdaları arqalı ótkeriwden alınatuǵın túsim | Basqada túsimler (3 450 603, 3 450 723, 3 450 725, 3 450 950, 3 450 951, 3 511 700, 3 511 112, 3 710 303 dáramat kodlarınan tısqarı) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Respublika byudjeti | 100 | | 100 | | 50 | 100 | | 100 | | 100 |
| 2 | Nókis qalası | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 3 | Ámiwdárya rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 4 | Beruniy rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 5 | Bozataw rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 6 | Kegeyli rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 7 | Qanlıkól rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 8 | Qaraózek rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 9 | Qońırat rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 10 | Moynaq rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 11 | Nókis rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 12 | Taqıyatas rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 13 | Taxtakópir rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 14 | Tórtkúl rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 15 | Xojeli rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 16 | Shomanay rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 17 | Shımbay rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |
| 18 | Ellikqala rayonı | 0 | 100 | 0 | 100 | 50 | 0 | 100 | 0 | 100 | 0 |

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2023 yil 1 fevraldagi
39-13-0-Q/23-son qaroriga
6-ilova

**Qaraqalpaqstan Respublikası Húkimetiniń ayrım qararlarına kiritiletuǵın ózgeris hám qosımshalar**

1). Qaraqalpakstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 20-dekabrdegi «Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 15-dekabrdegi «Miywe-palızshılıq tarawın mámleket tárepinen qollap-quwatlaw, tarawda klaster hám kooperaciya sistemasın jánede rawajlandırıw is-ilajları haqqında»ǵı PQ-52-sanlı qararı haqqında»ǵı 213-13-0-Q/21-sanlı qararınıń 5-bánti:

a) 1-abzacındaǵı «Moliya vazirligi Investiciyalar va tashqi savdo vazirligi» sózleri «Investiciyalar va tashqi savdo vazirligi» sózleri menen ózgertirilsin;

b) 3-abzacındaǵı «2022» sózi «2024» sóz menen ózgertirilsin.

2). Qaraqalpakstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 18-oktyabrdegi «Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2021-jıl 8-oktyabrdegi «Aymaqlarda jámiyetlik transportı iskerligin jánede jetilistiriw is-ilájları haqqında»ǵı №630-sanlı qararı orınlanıwın támiyinlew haqqında»ǵı 119-13-0-Q/21-sanlı qarar 5-bántiniń 3-abzacındaǵı «har oy» sózler «mahalliy byudjetlarning qwshimcha manbalari hisobidan har chorak» sózleri menen ózgertirilsin.

3). Qaraqalpakstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2022-jıl 12-maydaǵı «Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2022-jıl 10-maydaǵı «2022-jılda kútilip atırǵan suw jetispewshiligi jaǵdayında awıl xojalıǵı eginlerin suw menen turaqlı támiyinlewge qaratılǵan keshiktirip bolmaytuǵın is-ilájlar haqqında»ǵı 243-sanlı qararı haqqında»ǵı 270-13-0-Q/22-sanlı qararında:

a). 3-qosımshası tómendegi redakciyada bayan etilsin:

"Qoraqalpog'iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2022 yil 12 maydagi
270-13-0-Q/22-son qaroriga
3-ilova

**Qoraqalpog'iston Respublikasi bo'yicha 2022 yilda amalga oshiriladigan irrigatsiya tizimlari va ulardagi gidrotexnik inshootlarni, nasos agregatlarni va sug'orish quduqlarini ta'mirlash-tiklash va qurish ishlari**
**REJASI**

| № | Hududlar nomi | Jami ajrati-ladigan mablag' | shu jumladan: | | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | irrigatsiya ob'ekt-larida dastlabki ta'mirlash ishlariga talab etiladigan mablag' | shundan: | | | | | | nasos stansiyalari energetika boshqarmalari tomonidan amalga oshiriladigan ishlarga talab etiladigan mablag' | shundan: | | | | | | | |
| | | | | sug'orish tarmoqlarini tozalash xarajatlari | | gidrotexnik inshootlarni ta'mirlash | | sug'orish tarmoqlarini betonlashtirish | | | nasos agregatlarini sotib olish | | nasos agregatlarini ta'mirlash | | nasos stansiyalarini bosimli quvurlarini ta'mirlash | | Sug'orish quduqlarini qurish | |
| | | | | uzun-ligi, km | talab etiladigan mablag' | soni, dona | talab etiladigan mablag' | uzun-ligi, km | talab etiladigan mablag' | | soni, dona | talab etiladi-gan mablag' | soni, dona | talab etiladi-gan mablag' | uzunligi, km | talab etiladi-gan mablag' | soni, dona | talab etiladi-gan mablag' |
| 1 | Paxtaarna-Nayman ITB | 263,0 | 263,0 | 6,8 | 263,0 | | | | | | | | | | | | | |
| 2 | Suenli ITB | 1100,1 | 1100,1 | 18,1 | 637,3 | 7 | 462,8 | | | | | | | | | | | |
| 3 | Kattagar-Bozatov ITB | 107,3 | 107,3 | | | 2 | 107,3 | | | | | | | | | | | |
| 4 | Qizketken-Kegeyli ITB | 983,5 | 983,5 | 24,9 | 838,7 | 6 | 144,8 | | | | | | | | | | | |
| 5 | Quvanish-Jarma ITB | 94,4 | 94,4 | 0,2 | 29,6 | 1 | 64,8 | | | | | | | | | | | |
| 6 | To'rtko'l TIB | 842,4 | 307,0 | 17,9 | 250,0 | 4 | 57,0 | | | 535 | 20 | 340,0 | 10 | 165,5 | 0,30 | 29,9 | | |
| 7 | Beruniy TIB | 840,2 | 53,0 | | | 5 | 53,0 | | | 787 | 20 | 373,4 | 24 | 397,4 | 0,19 | 16,4 | | |
| 8 | Ellikqal'a TIB | 451,3 | | | | | | | | 451 | 20 | 352,1 | 6 | 99,2 | | | | |
| 9 | Amudaryo TIB | 2384,4 | 1130,9 | 46,4 | 948,8 | 12 | 182,1 | | | 1253 | 21 | 915,0 | 25 | 289,4 | 0,49 | 49,1 | | |
| 10 | Xo'jayli TIB | 1387,2 | 903,9 | 48,4 | 806,9 | 10 | 97,0 | | | 483 | 20 | 360,0 | 10 | 102,2 | 0,21 | 21,1 | | |
| 11 | Taxiatosh TIB | 703,1 | 295,6 | 18,6 | 273,0 | 2 | 22,6 | | | 407 | 20 | 360,0 | 4 | 39,4 | 0,08 | 8,1 | | |
| 12 | Sho'manoy TIB | 1516,8 | 1004,9 | 57,6 | 795,8 | 13 | 209,1 | | | 512 | 25 | 450,0 | 9 | 54,9 | 0,07 | 7,0 | | |
| 13 | Qonliko'l TIB | 1489,1 | 488,9 | 20,2 | 413,1 | 5 | 75,8 | | | 1000 | 21 | 915,0 | 11 | 74,6 | 0,10 | 10,6 | | |
| 14 | Qo'ngirot TIB | 1361,3 | 928,8 | 49,8 | 679,8 | 13 | 249,0 | | | 432 | 20 | 360,0 | 10 | 64,2 | 0,08 | 8,3 | | |
| 15 | Mo'ynoq TIB | 763,6 | 502,0 | 26,7 | 479,2 | 2 | 22,8 | | | 262 | 10 | 180,0 | 7 | 75,0 | 0,07 | 6,6 | | |
| 16 | Nukus TIB | 905,4 | 392,4 | 4,8 | 120,0 | 7 | 272,4 | | | 513 | 20 | 360,0 | 20 | 122,0 | 0,31 | 31,0 | | |
| 17 | Kegeyli TIB | 1672,4 | 485,4 | 20,5 | 270,0 | 17 | 215,4 | | | 1187 | 26 | 1004,6 | 20 | 167,3 | 0,15 | 15,2 | | |
| 18 | Bozatov TIB | 576,1 | 312,5 | 14,5 | 109,8 | 12 | 202,7 | | | 264 | 10 | 180,0 | 10 | 77,0 | 0,07 | 6,6 | | |
| 19 | Chimboy TIB | 846,6 | 428,6 | 22,4 | 303,0 | 15 | 125,6 | | | 418 | 20 | 360,0 | 9 | 52,0 | 0,06 | 6,0 | | |
| 20 | Qorao'zak TIB | 1129,0 | 615,0 | 18,2 | 523,2 | 9 | 91,8 | | | 514 | 25 | 450,0 | 7 | 49,6 | 0,15 | 14,4 | | |
| 21 | Taxtako'pir TIB | 1172,9 | 672,8 | 20,0 | 489,8 | 8 | 183,0 | | | 500 | 25 | 450,0 | 6 | 43,4 | 0,07 | 6,7 | | |
| | **Jami** | **20590** | **11070,0** | **436,0** | **8231,0** | **150** | **2839,0** | | | **9520** | **323** | **7410** | **188** | **1873** | **2,4** | **237** | | |

"

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2023 yil 1 fevraldagi
39-13-0-Q/23-son qaroriga
7-ilova

**Qaraqalpaqstan Respublikası Húkimetiniń óz kúshin joǵaltqan dep tabılǵan ayrım hújjet**

**DIZIMI**

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2020-jıl 25-maydaǵı 152-sanlı qararınıń 4-bánti.